

Dat Postaj: \_\_\_\_\_  
Founi bay Fanmi: \_\_\_\_\_

### Enfòmasyon Local Early Steps

Non ak adrès LES isit la

Non Timoun: \_\_\_\_\_

Tanpri kontakte sèvis kowòdinatè w la:

Non: \_\_\_\_\_

Telefòn : \_\_\_\_\_

Imèl: \_\_\_\_\_

## KONPRANN YON NOTIFIKASYON



**Notifikasyon Local Early Steps (Etap Bonè Lokal, LES) pou  
Department of Education (DOE) ak Lokal Distri Lekòl yo Pou Objektif  
Timoun Konstate (Child Find) yo**

Early Steps (Part C) ak edikasyon espesyal avan-jadendanfan (Pati B) fè pati toude nan Individuals with Disabilities Education Act (IDEA). Early Steps responsab pou founi sèvis pou timoun ki kalifye kòmanse depi yo fèt jiskaske yo rive laj twazan. Lè yon timoun vin genyen twazan, sèvis nan Early Steps dwe tèmène. Si timoun la kalifye pou Pati B, li kapab resevwa sèvis edikasyon espesyal pou anvan-jadendanfan nan distri lekòl lokal li an.

Atravè pwosesis Timoun Konstate yo, yon distri lekòl genyen responsab pou jwenn, evalye ak idantifye timoun ki kapab kalifye pou edikasyon espesyal kòmanse depi yo fèt jiskaske yo rive laj 21 ane. IDEA egzije Early Steps pou ede distri lekòl yo pou satisfè egzijans Timoun Konstate an nan yon pwosesis yo rele **notifikasyon**. Kèk nan kesyon paran yo kapab genyen sou notifikasyon yo se:

Pou ki rezon mwen te resevwa bwochi sa a?

Pwogram LES la distbriye brochu sa a bay tout paran yo anvan date anonse a rive, pou mete yo okouran de ki sa yo mande pou kalifye nan pwogram.

Kisa notifikasyon an ye ak pou ki rezon li enpòtan?

Notifikasyon se pwosesis pou enfòmè DOE ak distri lekòl yo pou yon timoun k ap viv nan distri yo an ap resevwa sèvis nan men Early Steps, e li ka elijib pou sèvis edikasyon espesyal nan lekòl matènèl. Notifikasyon an se yon pati enpòtan nan pwosesis Timoun Konstate an epi li egzije sou IDEA an. Li ede distri lekòl yo pou planifye pou timoun ki kapab edikasyon espesyal pou anvan-jadendanfan lè yo vin genyen twazan.

### Ki enfòmasyon notifikasyon an voye?

Enfòmasyon notifikasyon an se: non timoun la, dat nesans timoun la, non paran (yo), ak kontak enfòmasyon paran an.

### Kilè yo voye enfòmasyon notifikasyon an?

LES dwe voye enfòmasyon notifikasyon an bay DOE a ak nan lokal distri lekòl ou an nan pa mwens pase 90 jou anvan anivèsè twazyèm jou fèt pitit ou an, sof si w deside ou ta renmen sòti nan notifikasyon an. Si pitit ou vin kalifye pou Early Steps plis pase 45 men mwens pase 90 jou anvan twazyèm anivèsè jou fèt timoun nan, LES pral voye notifikasyon yo nan distri lekòl la pi vit ki posib apre detèmine kalifikasyon pitit ou an nan Early Steps la.

### Èske mwen kapab pataje plis enfòmasyon avèk distri lekòl la?

Wi. Avèk pèmasyon w alekri, LES kapab pataje plis enfòmasyon ki pral genyen ladann enfòmasyon evalyasyon / egzamen pitit ou an oswa Plan Endividalize Pou Sipò Fanmi (IFSP) an. Pataj enfòmasyon sa yo pral itil distri lekòl la anpil pou objektif planifikasyon yo an.

### Kouman distri lekòl la itilize enfòmasyon notifikasyon an?

Chak distri lekòl yo gen yon politik sou kouman yo pral itilize enfòmasyon an. Kouman yon distri lekòl itilize enfòmasyon notifikasyon an pral depann sou politik Timoun Konstate yo an ak pwosesis yo, men anpil distri itilize li pou antisipe kantite timoun yo kapab rekòmande pou edikasyon espesyal. Gen nan distri lekòl yo ki itilize enfòmasyon sa a pou entwodwi tèt yo pou fanmi lè yo voye yon lèt dapèl. Yo kapab voye enfòmasyon sou pwogram anvan jadendanfan ak dwa w pou edikasyon espesyal ou yo. Distri lekòl la pa gen dwa pou pataje enfòmasyon notifikasyon an avèk okenn lòt moun oswa ajans. Kontakte distri lekòl lokal ou an pou plis enfòmasyon sou kouman yo itilize enfòmasyon notifikasyon an.

### E si mwen pa vle pou LES voye enfòmasyon notifikasyon pou pitit mwen an?

Malgre konsantman alekri w la pa obligatwa pou voye enfòmasyon notifikasyon, Florid pèmèt paran “pou sòti nan” LES enfòmasyon notifikasyon non pitit ou a, dat nesans, non paran an, ak enfòmasyon pou kontakte paran an. Si ou pa ta vle yo pataje enfòmasyon notifikasyon avèk DOE lokal yo, w ap gen opòtinite pou pa dakò alekri pou divilgasyon enfòmasyon sa a.

### Si mwen chwazi pou sòti nan notifikasyon an, èske sa vle di pitit mwen an pa pral resevwa sèvis edikasyon espesyal nan men distri lekòl la?

Non. Si ou chwazi sòti nan pou yo pa voye bay DOE ak distri lekòl la enfòmasyon pèsònèl ki kapab idantifye, sa pa vle di pitit ou an pap kapab resevwa sèvis edikasyon espesyal nan lekòl matènèl nan distri lekòl yo, si yo detèmine ke yo elijib. Kòm pati nan tranzisyon planifikasyon an, ou pral dwe diskite si ou pa ou vle rekòmande pitit ou an nan distri lekòl la pou yo kapab konsidere li pou kalifikasyon edikasyon espesyal pou anvan jadendanfan.

